

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Karya sastra mangrupa wadah pikeun ngébréhkeun ide atawa pikiran pangarang ngaliwatan gambaran pangalaman anu karandapan ku pangarangna sorangan. Salian ti kitu, karya sastra ogé mangrupa *refleksi* tina kaayaan sabudereun, boh ngeunaan sosial, boh ngeunaan lingkungan. Ku kituna sastra jeung masarakat mangrupa hiji beungkeutan anu moal bisa dipisahkeun. Salah sahiji karya sastra anu raket pisan jeung masarakat Indonésia nyaéta dongéng. Dongéng téh sok disebut ogé carita rahayat (*folktale*) atawa carita balaréa.

Ku lajuna mangsa, réa kolot anu ngantep atawa poho kana ngadongéng pikeun kamekaran budakna, ku ayana *modernisasi* anu ngabalukarkeun kahirupan nu leuwih *instan* tur leuwih *dinamis*, anu pamustunganna barudak loba anu kurang atikan sacara langsung ti nu jadi kolotna. Réa ogé barudak anu leuwih deukeut kana *gawai* dibandingkeun jeung kolotna.

Saenyana mah ngadongéng téh kacida pentingna pikeun ngawangun karakter anu hadé dina diri barudak. Salian ti kitu ngadongéng ogé bisa ngajadikeun barudak leuwih deukeut jeung kolotna, ku sabab ngadongéng mangrupa komunikasi dua arah, (Ikranegara, 2008, kc. 3).

Pikeun maluruh masalah di luhur di antarana ngaliwatan pangajaran sastra. Nurutkeun Koswara (2013, kc. 103) saéstuna sastra téh mangrupa hiji sisi (bagian) tina seni anu boga ciri mandiri, ngandung kaartistikan, ngandung kaéndahan, ngandung kajujuran, ngandung kaorsinilan, jeung ngandung bebeneran anu salawasna nungtun panganutna kana sipat anu hadé, malahan nganteur kana tujuan pangajaran kahirupan manusa anu leuwih wijaksana.

Salah sahiji karya sastra anu ngandung ajén-inajén nyaéta dongéng. Dongéng nyaéta ngaran salah sahiji golongan carita, dina wangun prosa (lancaran) (Iskandarwassid, 2017, kc. 47). Nilik kana wanda jeung eusina, dongéng téh kaasup

rékaan baheula. Patempatan anu jadi latarna mindeng tépé gambaran kaayaan jaman baheula. Kajadianna sakapeung sok pamohalan, corak rékaan heubeul anu mindeng ngolah siloka atawa alegori pikeun mungkus téma (Iskandarwassid, 2017, kc. 46-47). Éta pamadegan sarua jeung Danandjaja (1984, kc. 83), nu nétélakeun yén dongéng téh nya éta prosa rahayat anu caritana henteu bener-bener kajadian. Dongéng dicaritakeun utamana keur hiburan, sanajan eusina loba ogé anu ngandung bebeneran, atawa pangajaran (moral).

Urang Sunda boga carita ngeunaan “Situ Bagendit”. Carita “Situ Bagendit” mangrupa folklor lisan urang Sunda. Nurutkeun Danandjaja (1984, kc. 2), folklor nyaéta hiji budaya kolektif anu sumebar tur diwariskeun turun-tumurun secara lisan. Carita “Situ Bagendit” kaasup kana wanda dongéng. Kiwari dongéng lisan teu ngan saukur dicaritakeun sacara langsung, tapi geus loba nu ditrasformasikeun kana wangun anu séjén boh jadi carpon, novel, boh naskah drama. Contona Dhipa Galuh Purba ngagarap naskah drama “Nyi Bagendit Gugat”. Tapi galur jeung caritana dirombak jadi caritana teu sarua jeung anu dipikawanoh ku masarakat.

Dumasar kana éta hal, dua wanda karya sastra di luhur bisa ditalungtik ku cara ngabandingkeun unsur-unsur pangwangun karya sastrana. Saacan ngabandingkeun éta dua karya sastra, perlu dianalisis heula naon waé unsur pangwangun sastrana, ku cara maké téori struktural. Analisis struktural karya sastra kudu museur kana unsur-unsur intrinsik nu ngawangunna. Ieu hal bisa dilakukeun ku cara ngaidentifikasi, ngulik, jeung ngadeskripsikeun fungsi jeung hubungan masing-masing unsur intrinsik pikeun ngarojong sakabéh ma’na jeung hubungan antar unsur. Téori struktural anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téori Robert Stanton (2012, kc. 20-71), nu ngabédakeun unsur pangwangun carita drama jeung dongéng kana tilu bagian nyaéta téma, fakta carita (karakter, alur, jeung latar), jeung sarana carita (judul, sudut pandang, gaya, simbolisme, jeung ironi).

Sanggeus kitu éta dua karya sastra bisa dibandingkeun maké téori sastra bandingan. Sastra bandingan mangrupa salah sahiji pamarekan karya sastra tina sababaraha pamarekan anu aya dina widang paélmuan sastra. Pikeun ngaanalisis sastra bandingan téoritik di luhur digunakeun téori Endraswara (2014, kc. 80) anu

ngawengku, patula-patalina antarkarya, hubungan téma, *genre*, *style*, jeung sajabana. Di sagigireun éta Soemanto (dina Endraswara, 2014, kc. 79) nétélakeun ogé yén aspek aliran sastra jeung struktur téh bisa dibandingkeun.

Aya sababaraha panalungtikan anu dilakukeun saméméhna ngeunaan sastra bandingan nyaéta dina skripsi “Babandingan *Dongéng Dalem Boncel, Malin Kundang*, jeung *Nini Kudampai* pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di Kelas VII SMP (Ulikan Struktural jeung Etnopedagogik)” ku Yogi Permadi taun 2017, anu nalungtik ngeunaan téma, palaku, galur jeung latar tina masing-masing carita anu dipatalikeun jeung ajén atikan karakter tuluy dipatalikeun ogé jeung bahan pangajaran. Lian ti éta, aya panalungtikan kalawan judulna “Babandingan Plot jeung Penokohan dina Novel *Kalajengking* Karya Anna Mustikaati jeung Novel *Study in Scarlet* karya Sir Arthur Conan Dotle (Ulikan Sastra Bandingan)” ku Resa Rangga Resmana taun 2017. Panalungtikan nu dilakukeun ku Resa Rangga Resmana taun 2017, medar ngeunaan strukturna, kalayan anu museur utamana mah leuwih kana plot jeung penokohan.

Panalungtikan dina ieu skripsi tangtu bédana jeung panalungtikan- panalungtikan anu geus diguar di luhur. Kahiji, ieu panalungtikan ngaguar ngeunaan babandingan naskah drama “Nyi Bagendit Gugat” jeung dongéng “Sasakala Situ Bagendit”. Kadua, téori anu dipaké minangka péso panalungtikan anu béda, nyaéta ngadumaniskeun téori sastra bandingan (komparatif) jeung téori struktural, anu dipaluruh dumasar telaah *tekstual* jeung *kontekstual*. Katilu, dilarapkeunna kana bahan pangajaran dongeng di SMP kelas VII.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan téh dijudulan “Babandingan Struktur Dongéng “Sasakala Situ Bagendit” jeung Carita Drama “Nyi Bagendit Gugat” pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di Kelas VII SMP”.

1.2 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun deui ngagunakeun kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha struktur dongéng “Sasakala Situ Bagendit” karya Elin Syamsuri jeung carita drama “Nyi Bagendit Gugat” karya Dhipa Galuh Purba, anu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita?
- b. Kumaha babandingan struktur dongéng “Sasakala Situ Bagendit” karya Elin Syamsuri jeung carita drama “Nyi Bagendit Gugat” karya Dhipa Galuh Purba, anu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita?
- c. Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan ngawengku dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh babandingan struktur dina naskah drama “Nyi Bagendit Gugat” jeung Dongéng “Situ Bagendit”, tuluy dipatalikeun jeung atikan karakter anu nyampak dina masing-masing dongéng.

1.3.2 Tujuan Husus

Dina tujuan husus, ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngadeskripsiun nyaéta ieu di handap.

- a. Struktur dongéng “Sasakala Situ Bagendit” karya Elin Syamsuri jeung carita drama “Nyi Bagendit Gugat” karya Dhipa Galuh Purba.
- b. Babandingan struktur dongéng “Sasakala Situ Bagendit” karya Elin Syamsuri jeung carita drama “Nyi Bagendit Gugat” karya Dhipa Galuh Purba.
- c. Larapna hasil tina panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku opat aspék nyaéta mangpaat tioritis, mangpaat kawijakan, mangpaat praktis, jeung mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan nyaéta nambahán kabeungharan panalungtikan sastra hususna anu ngagunakeun pamarekan sastra bandingan. Hasil tina ieu panalungtikan bisa kapaluruhan ngeunaan sasaran jeung bébédaan struktur carita tina dua karya sastra.

1.4.2 Mangpaat Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi implikasi keur pamaréntah dina raraga ngadokuméntasikeun hiji tradisi anu hirup di masarakat, hususna tradisi dongéng. Lian ti éta, ieu hasil panalungtikan ogé bisa dijadikeun salasahiji alternatif bahan pangajaran dongéng di SMP kelas VII.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan, nyaéta ieu di handap.

- a. Bisa jadi sumber référensi pikeun para mahasiswa jeung akademisi séjénna dina nalungtik karya sastra Sunda.
- b. Pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan dongéng Jawa Barat.
- c. Bisa ngeuyeuban produk panalungtikan karya ilmiah tina jihat sastra.
- d. Pikeun panalungtik bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung wawasan.
- e. Pikeun maham ajén karakter dina hiji karya sastra.

1.4.4 Mangpaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial

Hasil dina ieu panalungtikan dipiharep jadi tinimbangan pikeun bahan bacaan ngeunaan babandingan struktur carita, anu jadi unsur pangwangun carita. Lian ti éta, hasil dina ieu panalungtikan bisa jadi cara pikeun ngajén kualitas tina karya sastra.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan ngawengku lima pedaran, nyaéta ieu di handap.

Bab I, medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan sarta mangpaat panalungtikan. Tujuan panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus. Sedengkeun mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis, mangpaat tina segi kawijakan, mangpaat praktis, jeung mangpaat tina segi isu

sarta aksi sosial. Lian ti éta, dina pedaran Bab I medar ogé ngeunaan raraga tulisan skripsi sacara sistemik.

Bab II, eusina ngeunaan tiori-tiori anu jadi dasar pikeun panalungtikan. Pedaranana ngeunaan tiori sastra bandingan jeung tiori struktural, anu jadi peso pikeun ngajawab rumusan masalah.

Bab III, eusina ngeunaan métode panalungtikan anu wengku desain panalungtikan, sumber panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung istrumén panalungtikan.

Bab IV, ngadadarkeun hasil panalungtikan anu mangrupa salahahiji tina rumusan masalah, nyaéta medar ngeunaan struktur carita dina naskah drama “Nyi Bagendit Gugat” karya Dhipa Galuh Purba jeung dongéng “Sasakala Situ Bagendit” karya Elin Syamsuri.

Bab V, eusina ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan. Lian ti éta aya implikasi jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan anu rék ngagarap hal sarupa pikeun panalungtikan saterusna.